Ассаламу гlалайкум, казбекалъул жамагlат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 37 (9831) 23 сентябрь 2019 с. / Итни 24 Мух1аррам 1441 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

# В.В. Путин - Дагъистаналда



Баянаб бук1ахъе, халкъалда гьоркьосел террористал щущахъ риххизаруралдаса 20 сон т1убана.

Гьеб байрам к1одо гьабун, дагьал цере г1ан къояз нилъер республикаялде щвана Россиялъул Президент бет1ер В.В.Путин.

Гьев, Дагъистаналъул бет1ер В.А.Васильевгун цадахъ, аэропорталдасанго Болъихъе ана. Т1оцебесеб иргаялда, В.В.Путиница К1удияб Ват1анияб рагъда, Афгъанистаналда, ва 1999 соналъ Ват1ан ц1унулаго хваразе эхетараб памятникалда цере т1угьдул лъуна.

«***Доб заманалда ч1ах1иялги, г1исиналги, руччабигун лъималгицин х1адурал рук1ана г1агараб ракь ц1унизе. Исламалъул байрахъалда гъоркь рач1арал гьезда нужеца бихьизабуна нужерго бац1ц1адаб дин ва нуж гьезда цадахъ гьеч1еблъи. Гьеб бук1ана Россиялъе к1вар бугеб ишлъун. Дол къояздаса Дагъистаналда 2000 мажгит бана, гьезулин абуни, гьеб мурад бук1инч1о, мурад бук1ана бат1ияб. Баркула нужеда, гьачагъазда т1ад бергьенлъи босаралдаса 20 сон т1убай, дол соназ нужеца бихьизабуна унго-унгояб цолъи ва бах1арчилъи***»,- ян абуна жиндирго к1алъаялда В.В.Путиница.

«***Дуца цоги нухалда бихьизабуна дагъистанияздехун дур бугеб лъик1аб бербалагьи ва къо ккедал мун нижгун вук1уневлъи. Ниж ч1ух1арал руго гьединав цевехъан нижер вук1иналдаса***»,-ян абуна президентасда Болъихъ районалъул г1адамаз.

Гьеб дандч1ваялда бицана Дагъистаналъул социалиябгун экономическияб рахъал церет1езариялъе гьаризесел х1алт1абазул. Данделъиялъул ахиралда В.В.Путиница, живго гьоболлъухъ ах1аралъухъ, балъхъадерие баркала загьир гьабуна.

*Асият ДИБИРОВА*

***15 сентябрь -Дагъистаналъул халкъ цолъиялъул Къо***

# Рохалилаб данделъиялда ...

15 сентябралда Каспийск шагьаралъул Гlали Гlалиевасул цlаралда бугеб спорталъул залалда тlобитlана, Дагъистаналъул халкъ цолъиялъул Къо кlодо гьабун, рохалилаб данделъи.

Гьенив, дагъистаниязда байрам баркун, кlалъана республикаялъул бетlер В.А. Васильев ва гьес абуна:

**«МугIрузул улкаялъул халкъалъул цолъи, гьудуллъигун вацлъи кидаго рукIана цогидаб халкъалъе мисаллъун. 1999 соналъул август- сентябралда ккарал лъугьа- бахъинал Дагъистаналъул ва Россиялъул цIияб тарихалда рукIана цIакъ кIвар бугеллъун. Власталъ,армиягун цадахъ, жамагIатаз бихьизабуна гъачагъал Дагъистаналде лъугьине тезе гьеч1еблъи. Доб заманалда ккарал тунка-хIусиязулъ 226 рагъухъан,53 милиционер ва 25 ополченцал г1умруялдаса рат1алъана. Нилъеда гьел киданиги кIочене гьечIо»**,-ян.




Гьединго, В.А. Васильевас абуна боевиказул нухда Дагъистаналъул ополченцал рукIанин биххигьечIеб сангарлъун.

Гьеб байрамалда гIахьаллъана тIолабго республикаялдаса 5 азаргоялде г1агараб къадар г1адамазул, гьезда гьоркьор рукIана нилъер районалдаса 270 ополченецги.

Байрамалда хIурматиял гьалбаллъун рукIана – Россиялъул Федерациялъул Советалъул председателасул заместитель Ильяс ГIумаханов,Пачалихъияб Думаялъул депутатал: Юрий Левицкий, ГIабдулмажид Маграмов,Мурад ХIажиев,Дагъистаналъул хIукуматалъул членал, диниял ва жамгIиял гIуцIабазул церехъаби.

Данделъиялъул гIахьалчагIазда цере, гIатIидаб ва бечедаб программагун, рахъана Дагъистаналъул цIар рагIарал кочIохъабигун кьурдул ансамблял.

*Ибрагьим ИДРИСОВ.*

# Хадусеб дандчIвай




12 сентябралда Россиялъул Президент В.В. Путин МахIачхъалаялда дандчIвана ХIабиб ва гьесул эмен-тренер ГIабдулманап НурмухIамадовалгун. В.В. Путиница гьениб,эменгун васасда бергьенлъиги баркун, абуна: **«Дун балагьун вукIана нужер къеркьеялъухъ. Дуца босараб бергьенлъи ккола ракIчIараблъун ва мустахIикъаблъун»,**-ан.

ХI. НурмухIамадовас президентасе баркала кьуна ва абуна: **«Дун гьенив кинго къине бегьулароан, щайгурелъул, дида гIагарда эмен гIодовчIун вукIана»,**-ян.

Гьеб дандчIвай букIана кIиабилеблъун,тIоцебесеб тIобитIана, К.Макгрегорида тIад ХIабибица бергьенлъи босун хадуб, Москваялда.

*РИА «Дагъистан».*

*Инсан ва г1умру*

**Дагъистаналъул Муфтий кlодо гьавуна**

Ц1ализе бегьула - 2 гьум.

*Тарихал ва хlужаби*

**Бахlарчилъи - бечедаб ирс**

Ц1ализе бегьула - 5 гьум.

*Дин ва г1умру*

**Дунялалдаго бищун гьитlинаб Къуръан**

Ц1ализе бегьула - 6 гьум.

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

*Ополчениялъе-20 сон*

## В. В. Путингун дандч1ваялда...



Дагъистаналде рач1арал халкъалдагъоркьосел бандформированиял щущахъ риххизаруралдаса 20 сон т1убаялъул юбилей к1одо гьабун, 12 сентябралда Россиялъул Президент В.В. Путинил г1ахьаллъиялда Болъихъ т1обит1араб данделъиялда, хасгьабун, ах1аразда гьоркьов вук1ана дол соназ Дилим росдал ополчениялъул штабалъул начальниклъун вук1арав Мусашайих Мух1амадович Г1азаевги.

*Инсан ва г1умру*

## Дагъистаналъул Муфтий кIодо гьавуна



Пумрудул 60 сон т1убаялда, гьединго, 1999 соналъ Дагъистаналде рачIарал гъачагъал щущахъ риххизаруралдаса 20 сон тIубаялъул хIурматалда ва миллатазда гьоркьоб рекъел щула гьабиялъулъ лъураб бутIаялъухъ, Дагъистаналъул Муфтий АхIмад-хIажи Пабдулаев кIодо гьавуна **«Халкъалда гьоркьосел бандформированиял щущахъ риххизаруралдаса – 20 сон»** абураб медалалдалъунги ва каранда балеб ХIурматалъул гIаламаталдалъунги.

Гьединго, Федерациялъул Советалъул 25 сон тIубаялъул хIурматалда ва Россиялъул парламентаризм цебетIезабиялъулъ лъураб бутIаялъухъ, гьесие кьуна **«Федерациялъул Советалъе -25 сон»** абураб медальги.

*РЕДКОЛЛЕГИЯ.*

## Депутатасе – шапакъат



Гьал къоязда нилъеца к1одо гьабуна Чечняялдаса рач1арал халкъалдагьоркьосел бандформированиял щущахъ риххизаруралдаса 20 сон т1убаялъул юбилей. Гьелда хурхун, нилъер республикаялдалда т1орит1ана г1езег1ан бат1и-бат1иял тадбирал.

13 сентябралда Мах1ачхъалаялда т1обит1араб Халкъияб Собраниялъул сессиялда к1одо гьаруна цо чанго депутат. Гьезие В.А. Васильевас кьуна т1адехун рехсараб юбилейялде х1адурарал хасал медалал. Гьезда гьоркьов вуго М.-п. (К.-п.) Д. Г1умахановги. Дол соназ гьев вук1ана **«Черномортранснефть»** г1уц1иялъул х1инкъигьеч1олъи ч1езабиялъул (300 чиясдасан г1уц1араб) къокъаялъе нухмалъулевлъун (командирлъун).

Гьез ц1униялде росун рук1ана Хасавюрт шагьаралъул к1вар ц1ик1к1арал объектал (больницаби, школал, лъималазул ахал, г1орхъаби ва гь. ц.)

*С. АЛТУМИРЗАЕВ, Ленинаул росу.*

# Лъимал – нилъер бечелъи



Нилъер умумузул гьединаб аби буго. Унгоги, гьитIинаб къоялдаса нилъеца тIадчIей гьабула лъималазе лъайгун тарбия кьеялда, гьезда гIакъуба – къварилъи бихьунгутIиялда, нилъ чIаго ругебгIан заманалда, хъахIаб рас бакканиги, гьел нилъее лъималлъунги хутIула.

Гьаб заманалда лъималазе лъай ва тарбия кьезе байбихьула лъималазул ахазда. Нижер росулъ, 1985 соналдаса байбихьун, лъималазул ах хIалтIулеб буго. 2007 соналдаса гьелъие нухмалъи гьабулеб буго Асият Юсуповалъ. КIвахIгьечIейлъун, бажари бугейлъун, гIадамал ва лъимал ричIчIунейлъун лъала гьей росуцоязда. Хъизан данде бачинецин захIматаб гьаб заманалда, кIудияб коллектив данде бачин, гьай – гьай, бигьаяб иш гуро.

Амма Асиятил гьелъие буго гIураб махщелги лъайги. Киехун унги, гьелъ ресал ратула лъималазул ахалда хIажатабщинаб чIезабизе. Гьелъул т1алабалъе ишалъулаб кумек гьабула районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевас, гьесул заместитель И.И. Шабазовас, РУОялъул начальник М.-р. И. МахIамаевас, лъималазул умумуз ва дахIададазгун дахIабабаз. Рехсарал гьалмагъзабазул кумекалдалъун, лъималазул ахалда щибаб санайил ремонт гьабула. Гьедин, гьаб соналъ гьениб бана хIавуз, лъабго группаялъул рукъзабахъ хисана пол, чIезаруна кроватал бакIал ва цогидаб х1ажатаб т1аг1ел гь.ц. Умумузул жигарчилъиялда хисана гордал. Гьелъухъ гьезие кIудияб баркалаги буго. Нижее кумекалъе рахъунезул сияхI халатаб буго. Гьезул цояллъун ккола - М.-ХIабиб ХIажимурадов, Къурмангъиз КъурахIмаева, Пари ПIалибекова, ПIалиасхIаб Устарханов, МухIамад Аминов, ХIосен ХIажиев, Шамиль Делеев ва ва цогидалги.

Бокьун буго ва нижее хIалае рахъарал тIолазего ракI – ракIалъулаб баркала загьир гьабизе.

Кьеги гьел тIолазего сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел ишазулъ битIккей.

*Зарема МУХIАМАДОВА, ИчкIа росу.*

*Депутатасул ишал*

## ЦТКНРалъе - сайгъат



Инсанасул ц1ар наслабаз рек1елъ ц1унула гьес нахъе тарал лъик1ал ишазде балагьун. Гьединазул цоявлъун ккола нилъер ракьцояв, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Мухтарпаша (Камильпаша) Дарбищевич Г1умахановги. Гьев депутатлъун вищаралдаса къокъаб гьеч1о гьесул лъик1ал ишазул сиях1. Г1емер руго М.-п. (К.-п.)Д. Г1умахановасул кумек щварал г1уц1аби ва г1адамал. Гьелъул х1акъалъулъ хъвана газетазда ва бицана телевидениялдасан.

Дагъал церег1ан къояз избирателалгун бук1араб дандч1ваялда ЦТКНРалъул х1алт1ухъаби: Р. Гъанищевасгун Р. Сурхаевалъ депутатасда гьарана, видеопроектор х1алт1улеб гьеч1еблъиялда бан, жидер х1алт1уе квек1енал кколел ругилан ва гьеб бук1инабиялъе кумек гьабеян. М.-п. (К.-п.) Д. Г1умахановас кумек гьабизе раг1и кьуна ва, гьале, 11 сентябралда культураялъул Централъе проектор бит1ун бач1ана.

*С. АЛТУМИРЗАЕВ, Ленинаул росу.*

*Рух1ияб тарбия*

## Нижер ирс



Гьединаб ц1аралда гъоркь, дагъал церег1ан къояз, культураялъул Цент-ралъул х1алт1ухъабазул жигарчилъиялда, экскурсия т1обит1ана. Гьенире г1ахьаллъана лицеялъул цоабилеб классалъул ц1алдохъаби. Гьеб г1уц1иялъул аслияб мурадлъун бук1ана, г1исинал классаздасан байбихьун, ц1алдохъабазе умумузул рук1арал лъик1ал г1адатазул, гьезул рук1а - рахъиналъул бицен гьаби, рух1ияб тарбия кьей.

Культураялъул х1алт1ухъабаз лъималазда рихьизаруна Централъул музеязда ругел цересел умумузул заманалъул къайи-ц1а ва т1аг1ел – г1уч1.

Гьеб тадбиралда ц1алдохъабаз рик1к1ана Дагъистаналде, гьудуллъи - вацлъиялде рахъарал куч1дул.

*З. МУХ1АМАДОВА, ЦТКНРалъул директор.*

# БахIарчилъи — бечедаб ирс

*НахъбакIалда гьекъолеб къарбиязул алазан,*
*ГIодобе къун унилан, къиралзаби рохана.*
*Мурзигатал пуй абе полковниказул боде,*
*Каранлъ гулла речIулеб пири паналъун анин.*

*Лагерь чIвагеян абе къиралзабазул боде,*
*КъуркъичIого багъулеб бугъа гIодоб ккарабин.*
*Бодаго канаб чирахъ чабчахъалда сунелъул,*
*Сверун гIалхул хIайваназ, ахIун, магIу лъечIодай?*

*Рагъул аятал хъвараб хъирим буго чIегIер бан,*
*Цо туманкIул гуллие Гъайирбег чучунилан.*
*ГIусманияз къотIараб къолденалъул гIекI тIунин,*
*ТIадруссул накIкI лъун буго Салатавалъул бода*



*Сураталда:* ГIали МУХIАМАДГIАЛИЕВ.

Буртунаялдаса цо бахIарчи рагъда чIваялде гьабураб ЧIикIаса МухIамадил гьеб кечI рикIкIунезул кIалдибги ахIулезул мацIалдаги букIана. Гьелъ куркьби гъолаан, бахIарчилъиялде гьира базабулаан. Багъадурлъи, гьунарин абун, наслуялъухъе наслуялъухъе ирсалъе бачIунеб, гьелъ рекIелъ чаранги чорхолъ ияхIги лъолеб букIана.

Кьалха-биххараб заман. Бодулъе лъугьине гьира буго гIолохъабазул. ТIатIала кверал лъун, цо рахъалде хьван, бихьинчи чIолел къоял гьел рукIинчIо. Амма жеги лъалеб букIинчIо щиб ва кин кколеб бугебали, сундасан байбихьилебали. Кумек гьабуна жибго лъугьа-бахъиналъ.

Деникинил хъазахъазде данде рагъизелъун Салатавиялда данделъана отряд, лъугьана гьелде гъорлъе. Байбихьуда гьенир рукIана бечедазулги мискиназулги лъимал. Амма заманалдасан бичIчIана-цого мурадал рукIине, рекIел пикру данде ккезе рес гьечIолъи. Байбихьиялъе гьебги кьеш букIинчIо. Кодоб буго ярагъ, гъоркь буго кьурдулеб чу. Щибха гьеб мехалъ къварригIараб цIа гIадаб гIолохъанлъиялъе? Гьелдаса, гьай-гьай, пайда босана МахIачица ритIарал гIадамаз. Гьезул бегIераб рагIи гIужда щвана. КватIичIого, отряд кIийиде бикьана: бечедал-ХIоцоса Нажмудинилги Узун ХIажилги рахъалде, мискинал – большевиказул рахъалде. Цо нух букIана битIараб, таризе рес гьечIеб, бачIунеб заманалъул загьирлъулеб нурлъун цебе паркъолеб. Полохъабазе байрахълъун букIана ЧIикIаса МухIамадил доб кечI. КечI цебесеб бугониги, заманги бахIарчилъиги цого руго. Росдал партизабазе бетIерлъи гьабуна лебалав гIолохъанчи МухIамадгIалиев ГIалица. Отрядалъул командирлъун вукIарав, хадуб Совет власть щулалъизабиялъе гIоло кьеркьарав ва лебалав МухIамад-Апандица ГIалие кьуна тIоцебесеб рагъулаб тIадкъай: Астраханалдаса бачIунеб Камышиналъул экспедиционнияб отрядалде дандчIвазе ине ва деникинилал ругел ракьаздасан рачIунел гьезие кумек гьабизе, гьезда нух бихьизабизе. Гьеб тIоцебесеб тIадкъай ГIалил отрядалъ бахIарчилъиялда тIубазабуна. Амма нухда тушбабазулгун ккарал тунка-гIусиязда чIвана багIарал партизанал: Байсултанов Тавуса, АхIмадханов Сахи. Живго командир ГIали, гъоркь букIараб чуги чIван, ворчIана. Гьеб сапаралда бахIарчилъи бихьизабуна партизанал: ГIадуев ГIисаца, санитарлъи гьабулев вукIарав Гъолоев МухIамадица. Буртунаялдаса ХIажигIалиев ГIумахан абуни, хвана лебалав революционер ЗайнулгIабид Батымурзаев тушбабаз чIвалеб бакIалда. ТIоцебе гьесда речIулеб гуллиде цеве лъугьана ГIумахан…

Астраханалъул отряд бачIун хадуб росулъ букIараб бихха-хочараб хIал дагьа-макъабго рукIалиде ккезабуна. Доб Салатавиялда гIуцIун букIараб отрядалъул цо бутIа рохьобе гъачагълъуде лъутун ана.

Сах-саламатго нухдасан бачун бачIараб Астраханалъул отрядин абуни, ДагъистаналъуI рагъулав комиссар МахIач Дахадаевасул ихтияралде Порт-Петровскиялде ана. Астраханалдаса гьеб отряд Сергей Кировас ва Уллубий Буйнахъскияс битIун бачIанин абулаан.

Гьелдаса хадуб, МухIамадгIалиевасул партизаназул взвод Салатавиялъул, Хасавюрталъул, Чирюрталъул ракьазда къватIисел интервентазде данде гIемераб багъана. Живго ГIалица Андрейаулалдаса Хизри абулев чигун цадахъ гьадинаб бахIарчилъи гьабуна. Гелбахъдерил бурумалда рекIун, Сулахъ бахунел гьезда сардилъ дандчIвана лъилали лъалареб обоз: 50 чугун 50 чи. Щибаб чода тIад къан букIана 30-40 ретIунеб буртина, гьединго, бугоан 50—60 гIанасеб пуд багIаргъалилги. Партизабаз, рагIудалъун, обозчагIазулгун гьабураб хIалтIи мурадалде щвана ва жинде кутакалда хIажалъи букIараб обоз нилъеразул штабалде кьуна. Гьенир цIакъ рохана ракIалдаго букIинчIеб давлаялдаса. Хадуб баянлъана, гьеб обоз Чирюрт станциялда чIарал деникинилазе, ГIанди округалдаса Нажмудинил ва Узун ХIажил жигаралдалъун, хIалица, битIараб **«сайгъат»** букIараблъи.

Деникинилазулгун гьарурал рагъазда росдае камуна чанги лъикIал гIолохъаби, гьездаго гьоркьор-Чончолаев Абубакар, Одаев ХIаби ва цогидалги. ЧIаго хутIарал тIадруссана инсул росулъ цIияб гIумру гIуцIизе, гьелъие жидерго тIолабго къуват ва бажари кьезе.

Совет властаlъе гIоло гьабулеб рагъ лъугIаниги, лъугIун букIинчIо кьеркьей.

Жеги къуваталда рукIана классиял тушбаби, ярагъ гIодоб лъолеб букIинчIо гьачагълъиялде рохьазде араз. ХIажат букIана халкъалда гьоркьоб рагIудалъун гьабулеб кIудияб хIалтIи. Гьеб мурадалъе, Хасавюрт округалъул ревкомалдаса росулъе витIун вачIана партиялъул балъгояб хIалтIулъ хIалбихьи бугев, ЧIикIаса Дибиров МухIамад. Гьесул жигаралдалъун, росулъ гIуцIана партиялъулгун комсомолазул ячейка. Гьелде гьоркьоре ана коммунистал: Сатираев Темиргере ва Нуцалов Хата, комсомолал-вацал: СагIид ва Сайпудин Хасаевал, Мусаев Гьарун, Абакаров ГIусман, ХIайбулаев ГъазихIма, ХIабиев Идарав ва гь.ц.. Комсомолазул ячейкаялъул секретарлъун вищана Хасаев СагIид.

Гьелъул къучIалда, 1926 соналда, партиялъулаб ячейка гIуцIулаго, партиялъул мухъилъе лъугьана гIемерал жигарал комсомолал. ХIалтIи гьабизе кколаан цIакъго захIматал шартIазда. Революциялде, гьелъул цIилъабазде данде чIарал бандаз къадги къасиги рахIат толеб букIинчIо. Гьез, хадур лъугьун, нахъегIанаб къагIидаялда, чIвана М. Дибиров, багIарав партизан Ордашев Мусалав. Комсомолазул ячейкаялъул секретарь Хасаев гьез, сардилъ рукъореги кIанцIун, чIвазе рохьове вачана. БецIлъукь гьезул квервзукъа ворчIизе кIварав секретарь рогьинегIан рохьов вахчизе ккана.

Дибировасде ва цогидазде данде нахъегIанаб питнаялъе гIайибияв росдал бегавул ва гьесул рахъ ккурал, тIалъи гьабулел рукIарал кулакал рачахъана. ЦIи гIуцIараб росдал Советалъул председательлъун тIамуна багIарав партизан Халидов Муса. Хадусел соназ, росулъе бачIараб Муслим Атаевасул отрядалъул кумекалдалъун, бандазе ахир лъуна, парахатаб гIумруялде байбихьана. Цебе чIана росулъ коллективияб магIишат гIуцIиялъул кIвар бугеб масъала. Лъеберабилел соназда гIуцIараб колхозалъе бетIерлъи гьабуна коммунист Хасаев СагIидица. Жавабиял хIалтIабазда лъуна коммунистал, комсомолал. Гьел гIун рачIана къеркьеялъулъ, Совет власталда, гьелъул мурадазда ва масъалабазда цадахъ. Гьезул лебалаб рагIуца лъикIаб хIасил кьуна. Масала, колхозалде лъугьунаго, Гелегаев Хайрулаца гIаммаб буголъиялде гьоркьобе рехана живго бетIергьанаб тIолабго гIи-боцIи ва, жиндиего бокьун, живгоги гьезул вехьлъун хIалтIана. Хадув гьев тIамуна бригадирлъун.

Коллективияб магIишат гIуцIи рагIалде бахъинабиялда цадахъго, цебе чIун букIана дагьабги кIвар бугеб масъала – культурияб революция гьаби, хъвазе-цIализе лъангутIи тIагIинаби. Росулъ гIуцIана I8 ликбез, бана ва хIалтIизабизе кьуна школа. Гьелъие нухмалъи гьабуна комсомолец Абакаров ГIусманица.

Гьел рукIана гIуцIарухъанлъиялъе жан кьурал, захIматалде ракI регьун тIаделъарал сонал. Амма байбихьана КIудияб ВатIаналъулаб рагъ. Совет властаlъе гIоло къеркьолел соназдаго гIадин, гьанжеги хIинкъиялде гъоркье ккана социалистияб ВатIан, къеркьеялъулъ бахъараб Советияб власть.

Гьанже гьеб, рухI кьун, цIунизе хIадурал рукIана цересел багIарал партизанал. Жидеего бокьун, тIоцересел къоязда ВатIан цIунизе рахъана коммунистал: Хасаев СагIид, Мусаев Гьарун ва гь.ц.. Гьел бахIарчилъиялда хвана Сталинград шагьар цIунулаго.

Жеги чIаго буго тIоцересел комсомолаз цIияб ишалъе къураб къуват, гьез бихьизабураб жигар, тIурал бигун гIетI. Гьеб тIегьлъун тIаде баккана жакъасеб гIумру гвангъизе ва жеги камиллъизе. ГьабсагIат росулъ буго гьаб заманалъул цебетIураб техникаялдалъун хьезабураб, гIемер бутIабазулаб кIудияб магIишат – **«Буртунайский»** совхоз. Коммунистазда гъуждулги цун, хIалтIулел руго лебалал комсомолал ва гьез цебехун бачунеб буго жидерго умумузул – цересел комсомолазул бахIарчияб, къиматаб, жинда цебе бетIер кълизе мустахIикъаб иш.

РакIалда руго тIоцересел коммунистал, комсомолал, гьезул ишал, гьез чIарал гъутIбузда балеб буго пихъ.

БагIарав партизан, пенсионер Хасаев Сайпудинилгун букIараб гьаб гара-чIвари, гIемерал сонал цереккун, **«БагIараб байрахъ»** газеталде хъван буго **Т. Таймасхановас.**

## Гьадин гIуцIун букIана проектазул бюро

ЛъалеЬ букIахъе, чIахIияб гIелалда гьеб лъикI лъала, Дилим росдал гIадамазе хIажатаб лъим чвахулел бакIал гIемер рукIинчIо ва гьел килщазда рикIкIине бегьулаан. Гьебго ахIвал-хIал букIана районалъул цогидал росабалъги. Лъел къварилъи гьечIеб заманго букIун батиларо.

ТIаде босун ва гIураб къагIидаялда, хIукуматалъги гьелда тIад хIалтIи гьабулеб букIинчIо. ГIезегIанго цIикIкIана гIадамазул къадар ва лъим хIалтIизабиялъул къагIидаби, гьедин букIиналъ, хIажалъана цIикIкIараб къадар лъелги.

Дие бокьун буго гьанжелъизегIан Дилим росдал гIадамал лъедалъун хьезариялъе гьабун букIараб хIалтIул баян кьезе. Лъел система гIуцIун букIана унго-унгояб инженериябгун техническияб къучIалда. Гьелда тIад хIалтIи гьабуна жидер хIалбихьи бугел специалистазул проекталда рекъон. Гьеб проекталда тIад хIалтIана, техническиял гIелмабазул кандидат Худадот Натановасул бетIер лъиялда, инженералгун специалистал. ХIалтIи байбихьилелде проекталъул хал гьабуна экспертазги. Къокъгьабун абуни, гьеб букIана доб заманалъул нормабазда гьабураб хIалтIи ва гьелда гIайиб чIвалев щвиниги чи вукIинчIо. Доб заманалда, гьанже гIадин, тIаса-масагояб хIалтIи гьабизеги толароан, тамихIалде цIалаан. Гьаб баян кьезе дун тIамуна рахъ-рахъаздасан рагIунел ва къучI гьечIел харбаз.

Хадусан лъел система хIалтIизабиялъулъ риччарал гъалатIаз гьеб ккезабуна гьабсагIат бугеб даражаялде. (хвезабуна санитарияб зона, хIисаб гьечIого, тIаса рахъана ва тIаде журана ракьул участкаби ва гь.ц.).

Бугеб лъел система хисизабизе кколеблъи (доб заманалда) бичIчIана райисполкомалъул председательлъун вукIарав Мухлудин ГIабдулмуслимовасда. Дагъистаналъул киналниги проектазул институтал ракьбагъариялъул хIасилал тIагIинариялда тIад хIалтIулел рукIин хIисабалде босун, къотIи ккана районалъул архитектуралъулгун ралел бакIазул отделалде кколеб проектал рахъиялъул бюро гIуцIизе. ЦIи гIуцIараб коллективалъ, специалисталгун дандги бан, къокъаб заманалда, Дилим росулъ лъим бачиналъе проект бахъана.

**Гьелда бихьизабун букIана:**

**1.** Лъим бачине Ахъташ лъарал бетIералдасан.

**2.** Росдада жанир санитариял зонаби нормаялде рачине ва лъел система хIалтIизаби нормаялда цIунизе.

**3.** Рахъ-рахъалда ругел (Халатала, Шавдан, Тулабустала ва гь.ц.) ракьал лъалъалеллъун рукIинаризе.

Рехсараб проекталъул комплект букIине ккола ПУЖКХялъул архивалда.

Районцоязда лъикI лъала гьанже Ахъташалъул лъим росабалъе бачиналда тIад гьабулеб хIалтIиялъул хIакъикъат. Гьеб цIакъ лъикIаб иш буго. ГIадада гуреб абулеб **«ЖамагIаталъул газа кьурдаги рекIуна»**,-ян. Амма дие баян кьезе бокьилаан гьадинаб рахъалъулги.

**1.** Киналниги техническиял рахъазул жаваб кьола проект бахъулел гIадамаз.

**2.** Заказалда рекъон, бихулеб яги цIи балеб бакIалда тIад хIалтIи гьабизе бегьуларо проект бахъун гьечIони,гьединго, техническиял рахъазул хал гьабизе (специалистаз гурони) данделъаби тIоритIизеги ихтияр гьечIо.

*ГIали САГИТОВ,*
*Дилим росу.*

*Дин ва гIумру*

# Дунялалдаго бищун гьит1инаб Къуръан



Дунялалдаго бищун гьит1инаб, квералъ хъвараб Къуръан буго Дагъистаналда, Гьизилюрт районалда г1умру гьабун вугев чиясухъ. Гьесухъе гьеб щун буго умумузухъан. Гьеб тухумалъул щуабилеб наслуялъул чи кколев вуго гьев. Къуръаналъул бет1ергьанас абулеб буго гьелъие 400 сон бугилан. Гьелъул ц1айи буго 7 грамм, халалъи - 3 - 3,5 см. Ц1оробера рач1ого яги лупаялъул кумекалдалъун гурони, ц1алунги бажаруларо гьеб. Гьеб ц1ализе ккани, ц1удул беразул г1адаб канлъи къвариг1унилан махсара гьабуна гьес. Къуръаналъухъ г1емераб г1арац кьолеб бук1ана гьелъул бет1ергьанасе, амма гьес инкар гьабуна, гьеб к1удияб баракат бугиланги абун.

- Г1арабалги рач1ун рук1ана Къуръан бихьизе. Гьезги гьеб лупаялъул кумекалдалъун ц1алана. Гьел х1икмалъизаруна гьеб хъван бугеб берцинаб хат1алъги. Цониги гъалат1ги батич1о гьезда гьениб,- ан бицана Къуръаналъул бет1ергьанас.

*"ХIАКЪИКЪАТ" газета (№36 6 сентябрь 2019 с.)*

# Хварав чи хабалъ вукъиялъул баян

Хварав чи хабалъ вукъиялъул х1икматги буго т1оцебесеб иргаялда гьесул х1урмат ц1уни, гьесул рухl гьеч1еб къаркъала бихьизе рокьукъаб х1алалда бихьич1ого бук1ине, хадуб гьесул черхалдасан мах1 ч1ваялдалъун г1адамазе зарал ккеч1ого бук1ин ва г1алхул х1айваназ гьев кванан басра гьавич1ого вук1инги буго. Гьединлъидал хобалъул бищун дагьаб т1алъулеб къадар гьев жанивги лъун т1аде ракь хъвайдал гьесул къаркъалаялдасан мах1 т1аде баккизе биччалареб ва г1алхул х1айваназ гьев жанисан кваназе къват1иве вахъизе к1олареб г1анасеб гъваридаб гвенд буго.

Хоб г1ат1ид гьабизе ва гьварид бухъизе суннатаб буго. Гъварилъиялъул камилаб къадар гьоркьохъев чиясул вахъунги ч1ун квер эхеде бит1изабураб г1анасеб борхалъиялъул къадар буго. Гьебги ккола г1ага-шагар к1иго метраялъул гъварилъиялъул гвенд.

Хобалда жанив хварав чи лъеялъул к1иго бат1ияб къаг1ида буго: лах1дуялда лъейги, шакъкъалда лъейги. Лах1ду ккола хобалъул хъиблаялъул рахъалъул ахада жанибехун нохъо г1адин бухъараб жо, хварав чи гьенив жанивги рекъезавун цере къанал рахъун ч1езарулеб. Шакъкъги буго хобалъул т1инда бакьулъ данде бит1ун гьоркьехун гьварид гьабун бахъулеб рахъг1адаб жо, гьелъул к1иябго рахъалда ганч1азул яги кирпичазул къедги бан гьенив жанив хварав чиги лъун т1ад къанал яги щулияб хъарщиги лъун цинги т1аде ракь хъвалеб. Т1ад лъурал къанал гьесда раччун рук1уларедухъ гьеб гъварид гьабизеги т1алъула.

Ракь къвак1араб, хварав чиясул къаркъалаялде т1аде ччук1ун бач1унареб, данде къараб къвак1араб ракьалъул бак1 бугони лах1ду хирияб буго. Тамахаб ччук1ун, бортун бач1иялда х1инкъи бугеб батани шакъкъ хирияб буго. Лах1ду бук1а шакъкъ бук1а к1иябго г1ат1ид гьабизе суннатаб буго къаркъала жаниб къан бук1унаредухъ. Хасго г1ат1ид гьабила бет1ер бугеб рахъги х1ат1азул рахъги.

Хварав чи хабалъ лъолеб мехалъ гьев т1ад вугеб мали г1адаб жо лъела хобалъул х1ат1ал рук1унеб рахъалда гьесул бет1ер хобалде жанибехун буссун бук1унедухъ. Цинги малиялъул х1ат1азуз дагьабго борхизеги гьабун къаркъала гьеб малиялдасан хlурматалда х1еренго хъущт1изабун жанибе бачила. Хобалде жаниве вачулаго ва лах1дуялъулъ лъолаго гьенир ругез абизе суннатлъула раг1аби:

**«Бисми Ллягьи ва г1ала миллати ва суннати расули Ллагьи ссалля Ллагьу г1алайгьи ва саллам».**

Маг1на: «**Дица Аллагьасул ц1аралдалъун ва расуласул миллаталда ва гьесул суннаталда хобалде жаниве лъълугьине гьавулев вуго мун**». Гьелда т1аде гьениб гьабизе рекъараб дуг1а ц1ик1к1изабизеги суннатлъула,масала:

**«Аллагьумма гъфир лагьу варх1амгьу, Аллагьумма фтах1 абваба ссамаи лирух1игьи ва акрим нузулагьу ва вассиг1 мудхалагьу ва вассиг1 лагьу фи къабригьи».**

Хобалде жаниве гьев вачараб мехалъ хоб цо хам яги буртина г1адаб жоялъ бахчизеги суннатаб буго хасго ч1ужуг1аданалъул. Бухъараб хобалъул ракьалъул хъатги ц1ун гьелда анкьго нухалъ **«Инна анзальнагьу»** ц1алун гьеб хварасул мусруялда жаниб банани гьесие хабал г1азаб бигьа гьабилилан буго.Гьедин гьабулилан абураб х1адисги бач1ун буго Ибну Х1ажарас **«Тух1фат»ялда.**

Хварав чи хабалъ рекъезавизе мустах1икъал ва къец ккванани цере гьарулел чаг1азул тартиб какалъулъ имамлъиялъе бицараб тартибалда рекъон буго. Хварай ч1ужуг1адан хабалъ лъезе бищун цеве гьавула вугони гьелъул рос, гьесие какалъулъ мустах1икълъи гьеч1ониги. Гьесда хадур гьелъул мах1рамиял г1агарал чаг1и рач1уна г1агарасдасан г1агарав цере гьавун. Гьел ратич1они яги нахъе къанани лъик1ал диниял бич1ч1и бугел г1адамаз лъела.

**(Хадусеб бук1ине буго)**

*Гъодобериса Ах1мад ГIИСАЕВАСУЛ, Иршадуль Гlавам т1ехьалдаса босараб.*

# Объявления

***О проведении публичных слушаний по вопросу изменения вида разрешенного использования земельных участков.***

***Руководствуясь Земельным Кодексом РФ Законом РФ от 06.10.2003г № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления РФ» 22. 10. 2019 года в 10:00 ч в зале заседания МО «село Дылым» по адресу:***

***С. Дылым Казбековского района РД. ул.Саида -Афанди 15, Состоятся публичные слушания рассмотрения заявлений:***

**1.** Шираева Паши Юсуповича по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка из категории земель «Земли населенных пунктов» с кадастровым номером 05:12:000001:4337 с площадью 1223 кв.м, принадлежащее на праве собственности Шираеву Паше Юсуповичу расположенный по адресу с. Дылым Казбековского района РД с вида разрешенного использования (Под усадьбу) на вид разрешенного использования (Строительство объекта строительной промышленности).

----------------------

**2.** Шираева Паши Юсуповича по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка из категории земель «Земли населенных пунктов» с кадастровым номером 05:12:000001:4338 с площадью 596 кв. м, принадлежащее на праве собственности Шираеву Паше Юсуповичу расположенный по адресу с. Дылым Казбековского района РД с вида разрешенного использования (Под усадьбу) на вид разрешенного использования (Строительство объекта строительной промышленности).

----------------------

**3.** Сайхановой Рапият Асхабовной по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка из категории земель «Земли населенных пунктов» кадастровым номером 05:12:000001:1431 с площадью 411 кв.м, принадлежащее на праве собственности Сайхановой Рапият Асхабовне расположенный по адресу с. Дылым Казбековского района РД с вида разрешенного использования (Личное подсобное хозяйство) на вид разрешенного использования (Строительство станций технического обслуживания автомобиля).

----------------------

**4.** Гасанова Магомеда Сидиковича по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка из категории земель «Земли населенных пунктов» с кадастровым номером 05:12:000001:4286 с площадью 200,5 кв.м, принадлежащее на праве собственности Гасанову Магомеду Сидиковичу расположенный по адресу с. Дылым Казбековского района РД ул.Имама Шамиля 111 с вида разрешенного использования (Личное подсобное хозяйство) на вид разрешенного использования (Ремонт автомобилей).

*Глава администрации И.М. МАГОМЕДОВ.*

# Анкьил гьава – бакъ

**(23 - 29 сентябрь)**

| | |
|---|---|
| **1. Итни** | (+15, бакъ) |
| **2. Талат** | (+20, бакъ) |
| **3. Арбаг1** | (+19, нак1к1) |
| **4. Хамиз** | (+25, ц1ад) |
| **5. Рузман** | (+17, ц1ад) |
| **6. Шамат** | (+24, бакъ) |
| **7. Гьат1ан** | (+15, ц1ад) |



--------------------



***19 сентябралда***:

**Доллар** - 64.15 коп.

**Евро** – 70.97 коп.

*Бетlерав редактор:*
*Мухтар ГIалиевич Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Асият Дибирова*

*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*

*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*

*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,*
*Индекс: 51354*
*Заказ №304 Тираж 1100*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*